# Awıl xojalıǵında suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziwdi bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı**

Sońǵı jıllarda elimizde awıl xojalıǵı jerleriniń nátiyjeliligin, sonıń ishinde, suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı qollanǵan halda, arttırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

Mámleketimiz tárepinen qollap-quwatlaw mexanizmleri zaman talaplarına sáykeslendirilip barılıp atırǵanı  sebepli suwdı únemleytuǵın texnologiyalar 2021-jıldıń ózinde 433 mıń gektar maydanda engizildi hám olardıń ulıwma kórsetkishi suwǵarılatuǵın maydanlardıń  17 procentin quradı.

Biraq, suwdı únemleytuǵın suwǵarıw sistemaların islep shıǵıw, jetkerip beriw, satıp alıw, orınlarda joybarlastırıw hám ornatıwdaǵı kemshilikler jáne ayırım awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıwshılardıń bul baǵdardaǵı kónlikpeleri jetkilikli emesligi usı texnologiyalardıń óz waqtınan keshigip engiziliwine sebep bolmaqta.

Suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziwdegi júzege kelgen kemshilik hám mashqalalardı saplastırıw, regionda baqlanıp atırǵan suw tamtarıslıǵınıń keri tásirin jumsartıw, sonday-aq, awıl xojalıǵı eginlerin jetistiriwde suw resurslarınan bunnan bılay da nátiyjeli paydalınıw maqsetinde:

Suw xojalıǵı ministrligi, Awıl xojalıǵı ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi hám wálayatlar hákimlikleriniń 2022-jılı 478 mıń gektar maydanda suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziw arqalı suwdan aqılǵa uǵras paydalanıwdıń nátiyjeliligin arttırıw haqqındaǵı usınısı maqullansın.
2022-jılı suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziw boyınsha prognoz kórsetkishleri 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.
Bas ministrdiń orınbasarı Sh.M.Ǵaniev:

a) Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı jáne wálayatlar hákimlikleri menen birgelikte usı qararǵa 1-qosımsha menen tastıyıqlanǵan prognoz kórsetkishlerine

muwapıq 2022-jıldıń aqırına shekem respublika boyınsha keminde:

230 mıń gektar, sonıń ishinde, 160 mıń gektar paxta shiyki zatı jetistiriletuǵın maydanlarda tamshılatıp suwǵarıw;

28 mıń gektar, sonıń ishinde, 25 mıń gektar masaqlı dán jetistiriletuǵın maydanlarda selletip suwǵarıw;

2 mıń gektar awıl xojalıǵı egislik maydanlarında diskretli suwǵarıw sistemaları engiziliwin;

218 mıń gektar egislik maydanlardıń lazerli úskene járdeminde tegisleniwin shólkemlestirsin;

b) Suw xojalıǵı ministrligi (Sh.R.Xamraev), Awıl xojalıǵı ministrligi (J.A.Xodjaev), Bas prokuratura (Sh.J.Raximov), Ishki isler ministrligi (S.A.Nishanbaev), Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi hám wálayat hákimlikleri menen birgelikte tastıyıqlanatuǵın prognoz kórsetkishleriiniń orınlanıwı boyınsha sistemalı monitoring ornatsın hám nátiyjelerdi sın kózqarastan dodalap barsın.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı hám wálayatlar hákimleri Suw xojalıǵı ministrligi (Sh.R.Xamraev), Awıl xojalıǵı ministrligi (J.A.Xodjaev), «Aymaqlıq elektr tarmaqları» AJ (U.M.Mustafoev), Geologiya hám mineral resurlar boyınsha mámleketlik komiteti (B.F.Islamov) menen birgelikte bir hápte múddette 2022-jılı suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziw boyınsha mánzilli dizimdi tastıyıqlasın, onda:
suwdı únemleytuǵın sistemalar, birinshi gezekte, iri suw jetkerip beriw hám suw shıǵarıw tarmaqlarınıń bas bóleginde engiziliwi zárúrligin esapqa alǵan halda «bir kanal – bir sistema» principi tiykarında jaylastırılıwına;

egislik maydanlarınıń ámeldegi infrastrukturasınan kelip shıqqan halda turaqlı túrde úziliksiz elektr energiyası hám suw menen támiyinlew imkaniyatı bar ekenine itibar qaratılsın.

2022-jıldan baslap awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwde suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziwdi mámleket tárepinen qollap-quwatlawdıń tómendegi tártibi belgilensin:
awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıwshılarǵa suwdı únemleytuǵın suwǵarıw texnologiyaların engiziw boyınsha qárejetlerdiń bir bólegin qaplaw ushın subsidiyalar 2-qosımshaǵa muwapıq;

suwdı únemleytuǵın suwǵarıw sistemaların satıp alıw hám qurıwǵa ajıratılatuǵın bank kreditleri boyınsha procent qárejetleriniń bir bólegin qaplaw ushın subsidiyalar 3-

qosımshaǵa muwapıq beriledi.

Subsidiya qarjıları usı qararǵa 2-qosımshaǵa muwapıq esap-sanaq etilgennen soń, esap-sanaq islengen summanıń:

50 procenti sistema engizilgen jılı ajıratıladı;

50 procenti kelesi jılı zúráátliliktiń artıwı hám úskenelerdiń paydalanılıwına qaray ajıratıladı;

qosımsha 20 procenti úshinshi jılda engizilgen sistemanı isletken halda joqarı zúráátlilikti saqlap qalǵan paxta, ǵálle hám miywe-овощ klasterlerine tolep beriledi.

Usı qarardıń 4-bántinde názerde tutılǵan subsidiya qarjıları engizilgen suwdı únemleytuǵın suwǵarıw sistemaları keminde bes jıl qollanılıwı shárti menen ajıratılatuǵını; suwdı únemleytuǵın texnologiyalar engizilgen jer maydanları keminde 5 jıl ishinde optimallastırılmaytuǵını, jer uchastkası yamasa onıń bir bólegi mámleket hám jámiyet zárúrlikleri ushın alıp qoyılıwına jerden paydalanıwshınıń kelisimi tiykarında jumsalatuǵın qarjılardıń ornı tolıq qaplanǵannan soń ǵana ruxsat etiletuǵını;

2021–jılı suwdı únemleytuǵın suwǵarıw texnologiyaların engizgeni ushın Mámleketlik byudjetten subsidiya qarjıların alǵan, biraq engizilgen suwdı únemleytuǵın suwǵarıw sistemaların suwǵarıw máwsiminde paydalanıwǵa úlgermegen awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıwshılar usı sistemanı 2022-jıldıń suwǵarıw máwsimine shekem iske túsirmegen jaǵdayda alınǵan subsidiya qarjıların belgilengen tártipte Mámleketlik byujdetke qaytaratuǵını belgilep qoyılsın.

Bas prokuratura (Sh.J.Raximov), Agrosanaat kompleksi ústinen qadaǵalaw inspekciyası (A.D.Vaxabov) hám Suw xojalıǵı ministrligi (Sh.R.Xamraev hám R.J.Qarshiev) usı bántte belgilengen talaplardıń orınlanıwın qatań qadaǵalawǵa alsın.

Bas ministrdiń orınbasarı J.A.Quchqarov, Qarjı ministrligi (T.A.Ishmetov) 2022-jılı suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziwdi qollap-quwatlaw ushın respublikalıq byudjetten 1 182,4 milliard sum qarjılardıń óz waqtında ajıratılıwın támiyinlesin.
Suwdı únemleytuǵın suwǵarıw texnologiyaları engizilgen egislik maydanları úzliksiz:
suw menen támiyinleniwine – suw xojalıǵı ministri Sh.R.Xamraev;

elektr energiyası menen támiynleniwine – «Aymaqlıq elektr tarmaqları» AJ basqarmasınıń baslıǵı U.M.Mustafaev jeke juwapker ekeni belgilep qoyılsın.

Suw xojalıǵı ministrligi sistemasındaǵı respublikalıq byudjetten qarjılandırılatuǵın

shólkemlerde ámeldegi shtat birliklerin qısqartıwdıń esabınan:

irrigaciya sistemaları basseyn basqarmalarınıń quramında 1 shtat birliginen ibarat ishki audit toparları (keyingi orınlarda – ISBB ishki audit toparları) shólkemlestirilsin;

Suw xojalıǵı ministrliginiń ishki audit xızmetine qosımsha 1 shtat birligi ajıratılsın.

a) ISBB ishki audit toparları tikkeley Suw xojalıǵı ministrliginiń ishki audit xızmetine boysınatuǵını;

b) ISBB ishki audit toparlarınıń tiykarǵı wazıypaları tómendegiler esaplanatuǵını belgilensin:

suwdı únemleytuǵın  texnologiyalardı engiziw boyınsha qárejetlerdiń bir bólegin qaplaw ushın usı qarardıń 2-qosımshasına muwapıq ajıratılatuǵın subsidiyalardıń durıs esaplanǵanın jáne belgilengen tártipte rásmiylestirilgenin úyreniw;

engizilgen suwdı únemleytuǵın  sistemalardıń durıs ekenin orınlarǵa shıqqan halda úyreniw;

Suw xojalıǵı ministrligine suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziw boyınsha qárejetlerdiń bir bólegin qaplaw ushın subsidiya ajıratıw yamasa ajıratpaw boyınsha juwmaq kirgiziw;

suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziwge jumsalǵan qárejetler boyınsha hújjetlerdi hám bul baǵdarda ámelge asırılǵan buxgalteriya operaciyaların turaqlı monitoring etip barıw;

suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziwde júzege keliwi múmkin bolǵan nızam buzılıw jaǵdaylarınıń erte aldın alıwǵa qaratılǵan ilajlar boyınsha usınıslar islep shıǵıw;

Qaraqalpaqstan Respublikası Suw xojalıǵı ministrligi jáne irrigaciya sistemaları basseyn basqarmalarınıń suwdı únemleytuǵın hám sanlı texnologiyalardı rawajlandırıw bólimi tárepinen júrgiziletuǵın suwdı únemleytuǵın sistemalardıń engizilgen maydanları boyınsha esabatlardıń haqıyqatlıǵın qadaǵalaw.

Bas ministrdiń orınbasarı Sh.M.Ǵaniev Suw xojalıǵı ministrligi (Sh.R.Xamraev), Awıl xojalıǵı ministrligi (J.A.Xodjaev) hám Monopoliyaǵa qarsı gúresiw komiteti (Sh.Sh.Sharaxmetov) menen birgelikte bir ay múddette ótken jıllarda suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziw jumısların sapalı ámelge asırǵan halda jáne bazar ekonomikasında erkin báseki talaplarına tolıq juwap bere alatuǵın «Tomchi-reestr»

jumıstı bólip alıp islewshi kárxanalardıń birden-bir reestrin (keyingi orınlarda – «Tomchi-reestr» BER) islep shıqsın.
«Tomchi-reestr» BERdi islep shıǵıwda, sonıń ishinde, tómendegilerge itibar qaratılsın:

kárxananıń óndirislik bazaǵa iye bolıwına;

kárxana tárepinen jergilikli sharayatta óndiristiń jolǵa qoyılǵanı yamasa sırt el hám jergilikli islep shıǵarıwshılardıń rásmiy dilerlik statusına iye bolıwına;

ámeldegi nızamshılıq hújjetlerine tiykarınan salıq qáwipi dárejesine;

joybardı ámelge asırıw ushın zárúr texnika, maman qánige, sonıń ishinde, joybarlawshı, injener hám agronomlar menen támiyinlengenlik dárejesine;

ámelge asırılǵan joybarlar sheńberinde fermer xojalıqlarına servis xızmeti kórsetiliwi jolǵa qoyılǵanına.

«Tomchi-reestr» BERge kirgizilmegen jumıstı bólip alıp isleytuǵın kárxanalar tárepinen ámelge asırılǵan joybarlarǵa subsidiya qarjıları ajıratılmaydı.

«Tomchi-reestr» BERge kirgiziletuǵın subektlerdi anıqlaw ushın Suw xojalıǵı ministrligine: Mámleketlik salıq komiteti, Mámleketlik statistika komiteti hám Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrligi tárepinen xızmetkerlerdiń sanı, tiykarǵı qurallardıń kólemi, alınǵan dáramatlar, tólengen salıqlar hám miynet haqı fondı haqqındaǵı maǵlıwmatlar;

basqa da juwapker ministrlikler hám uyımlar tárepinen zárúr vedomstvolıq maǵlıwmatlar ornatılǵan tártipte beriletuǵını belgilep qoyılsın.

Awıl xojalıǵı ministrligi (K.A.Yuldashev) Suw xojalıǵı ministrligi (R.J.Qarshiev), Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi (O.A.Pekos) hám Qarjı ministrligi (A.Ya.Xaydarov) menen birgelikte 2022-jıl 10-martqa shekem suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engizgen awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıwshılarǵa subsidiyalar beriw boyınsha tiyisli materiallardı jıynaw, kórip shıǵıw hám wákillikli uyım hám shólkemler menen kelisiwdiń «Agro-subsidiya» birden-bir málimleme sisteması (keyingi orınlarda – «Agro-subsidiya» BMS) engiziliwin támiyinlesin.
«Agro-subsidiya» BMS hám «Tomchi-reestr» BERden paydalanıw qárejetleri Mámleketlik byudjetten ajıratılatuǵın qarjılar sheńberinde ámelge asırılatuǵını belgilensin.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 25-oktyabrdegi «Awıl xojalıǵında suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziwdi xoshametlew mexanizmlerin keńeytiw ilajları haqqında»ǵı PQ-4499-sanlı qararına muwapıq 2022-jıl 1-yanvardan:
paxta shiyki zatı hám masaqlı dán jetistiriw ushın nasos agregatları hám suwǵarıw

qudıqların tutınǵan elektr energiyasınıń bahasın Mámleketlik byudjetten subsidiyalar esabınan qaplaw tártibi tek ǵana suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engizgen awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıwshılarǵa engiziletuǵını;

awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıwshılar tárepinen suw xojalıǵı shólkemleriniń suwǵarıw qudıqları hám vertikal drenaj qudıqlarınan awıl xojalıǵı eginlerin suwǵarıw ushın paydalanıwǵa suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı qollanıw shárti menen ruxsat etiletuǵını maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

Bas prokuratura (Sh.J.Raximov), Qarjı ministrligi (A.Ya.Xaydarov) Ishki isler ministrligi (S.A.Nishanbaev) hám Suw xojalıǵı ministrligi (Sh.R.Xamraev hám R.J.Qarshiev) usı bántte belgilengen talaplardıń orınlanıwın qatań qadaǵalawǵa alsın.

Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi (I.I.Norqulov) Qarjı ministrligi (A.Ya.Xaydarov) hám Suw xojalıǵı ministrligi (R.J.Qarshiev) menen birgelikte eki ay múddette 10 gektardan kem bolmaǵan paxta hám masaqlı dán maydanları ushın qayta tikleniwshi energiya dárekleri hám kóshpeli generatorlar sıyaqlı úskenelerdi satıp alıw qárejetleriniń 50 procentine shekem, biraq 100 million sumnan aslam bolmaǵan muǵdarda qaplaw tártibin islep shıqsın hám Ministrler Kabinetine kirgizsin.
Suw xojalıǵı ministrligi (R.J.Qarshiev) Awıl xojalıǵı ministrligi (A.M.Twraev), Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi (Sh.U.Turdiqulova) hám Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi (R.R.Xakimov) menen birgelikte tamshılatıp suwǵarıw texnologiyası engizilgen ǵawasha maydanlarında suwǵarıw normaları, ǵawashanıń rawajlanıwın támiyinlewge qaratılǵan innovaciyalıq agrotexnologiyanı islep shıǵıw boyınsha ilimiy joybar tayarlasın hám ekspertiza nátiyjelerine muwapıq ilimiy jumısqa baylanıslı Mámleketlik baǵdarlamalar sheńberinde ámelge asırıw ilajların kórsin.
Tómendegilerge:
Bas ministrdiń orınbasarı Sh.M.Ǵanivke – qalıslıq hám ashıq-aydınlıq principlerine tiykarlanǵan halda suwdı únemleytuǵın texnologiyalardı engiziw boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslardıń nátiyjeliligin támiyinlew;

suw xojalıǵı ministri Sh.R.Xamraevke – aymaqlardıń ózine tánligin esapqa alǵan halda tamshılatıp suwǵarıw sistemasın qurıw boyınsha úlgi joybarlardı islep shıǵıw, sonday-aq, tamshılatıp suwǵarıw sistemasın montajlaw hám servis xızmetin kórsetiw toparlarınıń shólkemlestiriliwin támiyinlew;

awıl xojalıǵı ministri J.A.Xodjaevke – aymaqlardıń topıraq-klimat sharayatınan kelip shıqqan halda, suwdı únemleytuǵın texnologiyalar arqalı paxta shiyki zatı hám masaqlı dán jetistiriw boyınsha agrotexnologiyalıq kartalardı islep shıǵıw hám tastıyıqlaw;

Alkogol hám temeki bazarın tártipke salıw hám vinoshılıqtı  rawajlandırıw agentliginiń direktorı R.R.Boboevqa – barlıq jańadan shólkemlestirilip atırǵan sanaatqa jaramlı júzim plantaciyalarına tamshılatıp suwǵarıw sistemalarınıń ornatılıwın támiyinlew boyınsha juwapkershilik júklensin.

Suw xojalıǵı ministrligi (A.A.Mirzaev) Awıl xojalıǵı ministrligi (Sh.Sh.Mirzaev) hám Qarjı ministrligi (A.Ya.Xaydarov) menen birgelikte eki hápte múddette usı qararǵa muwapıq Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 23-fevraldaǵı 95-sanlı qararına tiyisli ózgerisler hám qosımshalar kirgiziwdi názerde tutatuǵın Húkimet qararı joybarın Ministrler Kabinetine kirgizsin.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ayırım qararlarına 4-qosımshaǵa muwapıq ózgerisler hám qosımshalar kirgizilsin.
Usı qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker uyımlardıń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Bas ministrdiń orınbasarı Sh.M.Ǵanievke júklensin.
Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2022-jıl 1-mart